# ШАРИК ÆМÆ ПУРТИ

Къæбылайæн æнкъард уыд. Уый хуыссыд æмæ куыдта. Пурти йæ фæрсы: – Цæмæн кæуыс, Шарик? Исчи дæ фæнадта:

– Нæ! Æнкъард мын у иунæгæй. Кæимæ ахъазон, уый мын нæй! – дзуапп радта Шарик.

– Ахъазæм иумæ! Æз дæн тымбыл æмæ фæлмæн! Зонын тулын!

– Æз та зонын згъорын! – загъта Шарик.

– Гыццыл мæ сцæв дæ фындзæй. Ма тæрс, æз дæн фæлмæн резинæйæ конд. Æз атулдзынæн, æмæ мæ ды баййаф. Кæд мæ тынг сцæвай, уæд та тулдзынæн гæппытæгæнгæ! – дзуры йæм пурти. Шарик сцавта пуртийы æмæ йæ асырдта...

Хорз фæхъазыдысты иумæ Шарик æмæ пурти.

*Джимиты Кларæ*

